

**THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE
SUBSIDIZED CHILD CARE
STATE MEDIAN INCOME (SMI) CALCULATION WORKSHEET
SWEN POU TIMOUN SIBVANSYONE
FÈY TRAVAY KALKIL REVNI MWAYEN LETA (STATE MEDIAN INCOME) (SMI)**

POU ENFÒMASYON SÈLMAN– TANPRI PA RANPLI FÒMILÈ KI TRADUI A

Fanmi k ap resewva èd finansye yo satisfè egzijans revni yo etandone revni brit total chak mwa pou kay la nan oubyen pi ba pase 50% Revni Mwayen Leta a (State Median Income) (SMI) nan moman anwòlman inisyal fanmi a. Fanmi yo pral kontinye ap satisfè egzijans finansye yo etandone revni brit total chak mwa kay la rete nan oubyen pi ba pase 85% nan SMI a. **Anba politik EEC, benefisyè de èd finansye yo oblije rapòte ògmantasyon nan revni total nan kay la ki depase 85% SMI a nan lespas trant (30) jou.**

Pou kalkile revni brit chak mwa a la, tanpri itilize kalkil anba yo. REMAKE: “Souch Chèk” gen dwa enkli peman sipò timoun tou:

(A) Revni Brit Chak Mwa si w touche CHAK SEMÈN:

Etap 1: Ajoute Souch Chèk (fok ou soumèt 4 Souch Chèk nan dènye peryòd de 6 semèn)

Egzanp: Souch Chèk #1 Souch Chèk#2 Souch Chèk#3 Souch Chèk#4 Total nan Souch Chèk yo
 \$750.00 + \$800.00 + \$750.00 + \$800.00 = \$3,100.00

Etap 2: Divize total la pa 4 pou kalkile revni mwayen chak semèn

Egzanp: \$3,100.00 ÷ 4 = \$775.00

Etap 3: Miltipliye pa 4.33 pou kalkile revni brit chak mwa a

Egzanp: \$775.00 x 4.33 = \$3,355.75

Si tout souch chèk chak semèn yo menm jan, ou pran YOUN Souch Chèk brit pa semèn epi Miltipliye pa 4.33 (EEC miltipliye pa 4.33 paske gen plis peryòd peman pandan yon lane sou kalandriye)

(B) Revni Brit Chak Mwa si w touche CHAK 2 SEMÈN:

Etap 1: Ajoute Souch Chèk (ou soumèt 2 Souch Chèk nan dènye peryòd de 6 semèn)

Egzanp: Souch Chèk #1 Souch Chèk #2 Total
 \$1,500.00 + \$1,550.00 = \$3,050.00

Etap 2: Divize total la pa 2 pou kalkile revni mwayen chak 2 semèn

Egzanp: \$3,050.00 ÷ 2 = \$1,525.00

Etap 3: Miltipliye pa 2.17 pou kalkile revni brit chak mwa a

Egzanp: \$1,525.00 x 2.17 = \$3,309.25

Sou tout souch chèk chak 2 semèn yo menm jan, se pou w pran YOUN souch chèk brit chak 2 semèn epi Miltipliye pa 2.17 (EEC miltipliye pa 2.17 paske gen plis peryòd peman pandan yon lane sou kalandriye)

(C) Revni Brit Chak Mwa si w touche CHAK KENZ JOU (touche de fwa pa mwa – nan menm jou yo chak mwa):

Etap 1: Ajoute Souch Chèk (ou soumèt 2 Souch Chèk nan dènye peryòd de 6 semèn)

Egzanp: Souch Chèk #1 Souch Chèk #2 Total Revni Brit Chak Mwa
 \$1,250.00 + \$1,550.00 = \$2,800.00

Revni brit chak mwa aktyèl ou se \$ _____ Pou yon fanmi de _____ moun revni w pa ka depase \$ _____

$$\frac{\$ \text{TOTAL DE SOUCH CHÈK YO}}{4} = \frac{\$ \text{MWAYEN CHAK SEMÈN}}{4.33} \times = \$ \text{REVNI BRIT CHAK MWA}$$

$$\frac{\$ \text{TOTAL DE SOUCH CHÈK YO}}{2} = \$ \text{MWAYEN CHAK 2 SEMÈN} \times 2.17 = \$ \text{REVNI BRIT CHAK MWA}$$

$$\frac{\$ \text{TOTAL DE SOUCH CHÈK YO}}{2} = \$ \text{REVNI BRIT CHAK MWA}$$